

Gap Inc.

Afich Kòd Kondwit Vandè

Kòd Kondwit Vandè sa a se pou tout etablisman ki fabrike machandiz pou Gap Inc. oswa nenpòt nan filyal, divizyon, afileye oswa ajan li yo.

Pandan Gap Inc. rekonèt genyen diferan anviwònman legal ak kiltirèl nan etablisman ki opere atravè lemonn yo, Kòd sa a tabli kèk kondisyon debaz tout etablisman yo dwe respekte pou fè biznis ak Gap Inc. Kòd sa a baze sou nòm travay yo aksepte nan nivo entènasyonal, tankou konvansyon fondamantal Òganizasyon Travay Entènasyonal (OTI) ak Deklarasyon Inivèsèl Sou Dwa Moun. Kòd sa a bay yon fondasyon pou evalyasyon Gap Inc. fè regilyèman sou pratik travay yon etablisman ak fason anviwònman yo konfòme ak nòm yo.

I. Konfòmite ak lalwa

Etablisman ki pwodwi machandiz pou Gap Inc. yo dwe opere yon fason yo konfòme ak tout lwa peyi yo ak tout lòt lwa, règ ak regleman ki apwopriye. Kòm yon kondisyon pou fè biznis ak Gap Inc., chak ak tout vandè dwe konfòme yo avèk Kòd Kondwit Vandè sa a. Gap Inc. ap kontinye devlope evalyasyon ak sistèm rektifikasyon pou evalye epi asire konfòmite. Kèlkeswa kote gen yon diferans ant yon kondisyon tankou lwa lokal yo ak Kòd Kondwit Vandè Gap Inc. la, nou dwe itilize kondisyon ki pi sevè a. Vandè ak Afileye Vandè yo dwe sèvi sèlman etablisman Gap Inc. apwouve pou pwodiksyon nan machandiz yo. Vandè yo dwe otorizasyon alekri alavans nan men Gap Inc. avan y ap sèvi ak etablisman sa yo anvan kòmansman pwodiksyon an.

II. Anviwònman

Etablisman yo dwe konfòme yo avèk tout lwa ak regleman anviwònman ki apwopriye. Etablisman yo dwe jere enpak yo sou anviwònman an, ki gen ladan enèji ak emisyon gaz efè tèmik (GHG), polisyon nan lè a (emisyon nan lè), konsomasyon dlo, kalite dlo, dlo ize, reyabilitasyon fatra, ak fason yo itilize ak trete pwodwi chimik.

III. Travay

A. Timoun K ap Travay

Etablisman yo dwe anplwaye sèlman travayè ki genyen minimòm laj pou travay la oswa ki gen omwen 15 ane, sa ki pi gran an. Epi, etablisman yo dwe respekte tout lòt lwa ki apwopriye pou lwa travay timoun. Nou ankouraje etablisman pou devlope pwogram aprantisaj nan travay ki legal pou bay anplwaye yo bonjan fòmasyon, depi tout moun k ap patisipe yo genyen minimòm nòm laj Gap Inc. La ki se 15 an epi yo genyen minimòm laj legal la.

B. Kontra Travay Etranje

Etablisman ki rekrute oswa anplwaye travayè kontra etranje yo dwe garanti yo trete anplwaye sa yo yon fason jis epi egal-ego ak travayè lokal yo. Yo pa dwe mete travayè migran yo nan okenn travay fòse, obligatwa, bondaj, oswa moun k ap travay pou peye dèt. Tout moun dwe travay ak volonte yo epi yo dwe lib pou kite travay la lè yo vle, san penalite. Yo pa dwe menase oswa denonse travayè migran (oswa manm fanmi yo) bay lotorite pou fòse yo nan pran travay oswa anpeche kite travay yo, nenpòt lè, san penalite.

C. Dikriminasyon

Etablisman yo dwe anplwaye travayè yo selon kapasite yo pou fè travay la, pa pou karaktè oswa kwayans pèsònèl yo.

D. Travay Fòse

Etablisman yo pa dwe itilize okenn travay ki pa ak volonte moun nan, tankou travay nan prizon, travay pou peye dèt, esklavaj oswa travay fòse gouvènman.

E. Libète Nan Asosyasyon

Travayè yo lib pou antre nan asosyasyon yo vle. Etablisman yo pa dwe antre nan afè travay ki vle asosye yon fason legal ak pasifik, òganize oswa negosye ansanm. Se sèlman travayè yo ki pou pran desizyon pa yo.

F. Bon Tretman

Etablisman yo dwe trete tout travayè yo ak respè ak diyite. Etablisman yo pa dwe bay yo kou oswa okenn lòt fason pou maltrete yo fizikman oswa sikolojikman.

G. Salè & Avantaj ak Kondisyon Travay

Etablisman yo dwe peye salè ak prim pou travay an plis konfòmeman ak tout lwa ki apwopriye. Travayè yo dwe touche omwen salè minimòm ki legal la oswa yon salè ki koresponn ak nòm endistri lokal la, sa ki pi plis la. Nou ankouraje etablisman yo pou bay salè ak avantaj ki ase pou kouvri bezwen debaz travayè a ak lajan an plis pou yo itilize.

H. Lè Travay

Etablisman yo te mete lè pou travay ki konfòme ak lwa ki apwopriye. Pandan nou konprann souvan nou bezwen moun pou travay an plis nan pwodiksyon rad, etablisman yo dwe fonksyone yon fason ki limite travay an lis nan yon nivo ki garanti moun yo travay nan bon kondisyon ki pwodiktif.

IV. Working Conditions

A. Sante ak Sekirite Nan Travay

Etablisman yo dwe konfòme ak lwa ak regleman ki apwopriye konsènan kondisyon travay epi bay travayè yo yon bon anviwònman pou travay ki san danje.

B. Dòtwa (si li apwopriye)

Etablisman ki bay lojman pou travayè yo dwe kenbe etablisman sayo pwòp ak san danje.

V. Sistèm Jesyon

Etablisman yo dwe etabli sistèm jesyon ki dirab epi ki apwopriye pou kontwòl operasyonèl pou garanti konfòmite ak lwa, regleman, ak Kòd ki apwopriye epi Kondwit Vandè a. Sistèm jesyon yo dwe idantifye ak kontwole risk dirabilite, epi rann li fasil pou toujou gen amelyorasyon.



BANANA REPUBLIC



ATHLETA